

FIFA: Avi Vwayaj pou New England

Rejyon New England nan ap espere resevwa ant 2 a 3 milyon vizitè pou FIFA World Cup 2026 la, ke Etazini, Meksik ak Kanada ap òganize ansanm. **Pou touris yo, vizitè yo, menm rezidan legal yo ak sitwayen ameriken yo, eksperyans lan kapab vin diferan anpil de sa yo ta kapab atann, akòz tandans ki ap vin pi otoritè nan aplikasyon lwa imigrasyon yo.**

Pou rezon sa yo, òganizasyon dwa imigran nan rejyon New England yo kreye **yon zouti enfòmasyon ak yon avi vwayaj** pou bay enfòmasyon, konsèy vwayaj, ak resous ki kapab prepare epi ede vizitè k ap patisipe nan match yo, rasanbleman pou gade match yo, evènman kominotè yo, oswa lòt aktivite lwazi atravè rejyon an.



bit.ly/NETravelAdvisoryFIFA



POUKISA SA ENPÒTAN POU MOUN KI AP VWAYAJE POU FIFA 2026 LA

- Touris yo pa epanye de siveyans, pwofilaj, ak vyolans ki kapab vin ogmante. Ensidan ki dokimante yo genyen ladan moun ki soti nan tout kalite orijin, tankou touris, vizitè, rezidan legal Ozetazini, ak sitwayen ameriken.
- Akò ki pèmèt fòs lòd lokal yo fè fonksyon ki genyen rapò ak imigrasyon ogmante chans pou rankont nòmal yo — tankou kontwòl trafik, konfizyon nan estasyon transpò yo, oswa menm lè yon moun nan move kote nan move moman — kapab mennen moun nan antre nan rezo aplikasyon lwa imigrasyon yo.
- Rapò ki montre ajan aplikasyon lalwa yo ap opere san idantifikasyon klè oswa ak mask fè li difisil pou moun ki ap vwayaje yo konnen si yo ap fè fas ak vrè ajan otorize, epi sa ogmante risk pou yo sibi kontwòl fòse oswa ilegal.
- Evènman FIFA yo rasanble gwo kantite vizitè entènasyonal nan estad yo, sant transpò yo, otèl yo, ak zòn kote fanatik yo ye - espas kote aktivite aplikasyon lalwa ki ogmante kapab afekte anpil moun rapidman.

REKÒMANDASYON — ANVAN VWAYAJ LA



Ranwaye vwayaj ki pa esansyèl yo

Konsidere ranwaye vwayaj ki pa esansyèl nan jiridiksyon kote yo rapòte aplikasyon lwa imigrasyon ki agresif. Si vwayaj la esansyèl, planifye avèk anpil atansyon.



Kontakte anbasad ou

Anrejistre plan vwayaj ou avèk anbasad oswa konsila peyi ou kote sa aplikab; konsève enfòmasyon kontak ijans konsilè yo ansanm ak nimewo ijans peyi Ozetazini an (911).



Mache ak pyès idantite ou

Toujou mache ak yon pyès idantite valab ak foto gouvènman bay. Sitwayen etranje yo ta dwe mache ak paspò yo AK kopi tout dokiman viza ameriken ki enpòtan yo. Sitwayen ameriken yo ta dwe pote prèv sitwayènte yo (pa egzanp: paspò oswa batistè).



Genyen kontak ijans

Prepare kontak legal ijans yo davans — òganizasyon ki bay sipò rapid pou moun ki an vwayaj yo arete yo, gwoup lokal dwa sivil yo, oswa sèvis legal imigrasyon yo. Anrejistre nimewo sa yo oflayn.



Bay moun ki ap vwayaje avèk ou yo enfòmasyon sou kijan pou reyaji lè yo rankontre ajan aplikasyon lalwa yo:

- Raple youn lòt pou rete kalm, mande si yo lib pou ale, epi evite reziste.
- Sonje ke moun ki an vwayaj yo kapab refize reponn ak kesyon nan tout respè sou estati imigrasyon yo pandan y ap fè konnen yo genyen dwa kontakte yon avoka ak yon reprezantan konsilè (pou moun ki pa sitwayen ameriken).
- Si ou genyen yon estati imigrasyon ki legal e ki an sekirite, ou ta dwe mache ak kopi dokiman sa yo pou ou kapab prezante yo lè yo mande w, san ou pa riske pèdi dokiman orijinal yo.